

# ESKWOKRI NAN FÒKLIZYON (FORECLOSURE) YO: SA OU DWE KONNEN

Yon pwosedi fòklizyon se yon dokiman ki aksesib piblikman kote nenpòt moun ka konsilte li. Magouyè yo sèvi ak enfòmasyon sa yo pou twonpe pwopriyetè kay yo pou yo peye pou sèvis ilegal yo pou yo ka "konsève" kay yo oswa menm vann yo.

## ATANSYON AK:

- Apèl telefòn, vizitè, ak kourye moun ak konpayi ou pa konnen oswa ou pa t janm kontakte;
- Sit wèb oswa konpayi "Sovtaj ipotèkè", espesyalman sa yo ki pa nan Eta a;
- Avi ki sanble ak dokiman ofisyèl tribinal yo, men k ap eseye vann ou yon sèvis;
- "Odit jidisyè" ki egzije yon frè davans pou revize istorik prè ou yo ak dokiman ki nesèsè yo pou w jwenn yon menleve ipotèkè;
- Envestisè, konsiltan ak avoka ou pa konnen, ki twò amikal oswa agresif; epi
- Piblisite ki pwopoze pou "negosye" ak bank lan.

## PA SIYEN ANYEN san ou pa konsilte avoka w, sitou si li:

- Egzije pou ou vann kay ou a, menmsi yo te pwomèt ou ka lwe li pou ou achte li pita;
- Ofri pou "repare" ipotèk ou a pou yon frè;
- Ofri pou peye ipotèk ou a;
- Ofri pou peye ou yon gwo kantite lajan;
- Ofri pou angaje yon avoka pou ou;
- Ofri yon aranjman "gichè inik" pou finansman an, pou sèvis jiridik yo oswa pou enspeksyon kay la;
- Li di li ka fè yo anile ipotèk ou a;
- Li di w pou ou pa ale nan tribinal;
- Li di w pou ou pa kontakte kreyansye w la;
- Yo te menase w oswa ou te santi yo menase ou pou w siyen dokiman an

Se yon vyolasyon Lwa New York pou yo fè w peye frè alavans pou sèvis ki gen rapò ak ipotèk, epi ou dwe siyale vyolasyon yo bay biwo Pwokirè Jeneral la nan 1-800-771-7755.



ACCESS  
JUSTICE  
BROOKLYN

Access Justice Brooklyn  
44 Court Street, Suite 1206, Brooklyn, NY 11201  
(718) 624-3894 | [help@accessjusticebk.org](mailto:help@accessjusticebk.org)  
[www.accessjusticebrooklyn.org](http://www.accessjusticebrooklyn.org)